


WHAT IS ISLAM?
SHONA TRANSLATION
(ZIMBABWE)

# ISLAM CHII?

TRANSLATED BY:
SHEIKH SHAIBU ASALI

ABU ZAYD
INSTITUTE

THEABUZAYDINSTITUTE@GMAIL.COM | +27 61 625 6070

# Zviri mukati


| | | |
|---|---|---|
| 1. | NHANGANYAYA | III-V |
| 2. | TSANANGURO YEISLAM | 1-2 |
| 3. | MAPANGO MASHANU EISLAM | 3-13 |
| 4. | SEI TAKASIKWA, NENHOROONDO YEKUVEPO KWEDU? | 14-15 |
| 5. | ZVITADZO ZVIKURU MUISLAM | 16 |
| 6. | KUTENDA KWAKO MUISLAM | 17 |
| 7. | KUPIKISA KUTENDA KWAKO | 18-27 |
| 8. | UCHAPUPU HWEQURAN | 28-36 |
| 9. | MHEDZISO | 37-38 |

# 1. NHANGANYAYA

KUKUKUDZWA KWESE NDEKWAALLAH, MAKOMBORERO NGAAVE KUNE MUTUMWA WEDU MUHAMMAD (RUGARE NGARWUVE KWAARI)

Chinangwa chikuru chebhuku diki rino ndechekupa ruzivo kune avo vanoda kudzidza zvishoma pamusoro peIslam kana avo vakatambira Islam munguva pfupi yakadarika, naizvozvo vachiri vatsva muchitendero ichi.

## A. ***Kune avo vanoda kuziva zvakawanda pamusoro peIslam:***

Dai watungamiririrwa kunzira yakatasukwa. Nzwisisa kuti izvi zvakare makomborero kubva kunaAllah (Mwari). Pane umwe murandakadzi ainamata nguva yemashambanzou. Paainamata tenzi vake vakamunzwa vari muchivanze chavo achinyengetera achiti, "*Nerudo rwamunarwo Allah (Mwari) kwandiri.*" Pakarepo, tenzi ava vakamutsiura vakati zviri nani kuti uti, "*Nerudo rwangu rwandinarwo kwamuri Allah (Mwari)*" pane kuti "*Nerudo rwamunarwo kwandiri.*"

Zvaireva tenzi vake ndezvekuti iye semutadzi haagone kutaura pamusoro perudo rwaAllah (Mwari) kwaari.. Anzwa izvi akapindura zvakanakisa kuti, *"Dai Allah (Mwari) vasina rudo kwandiri, dai vasina kuita kuti ndikwanise kushumira*

*kwavari*." Nzwisisa kuti hapana chinovepo, uye hapana chinoitika pasina kuda kwaAllah..

Naizvozvo iwe muverengi webhuku rino unogona kunge uchida kuziva Islam pachokwadi, kana kuti uri kuita tsvakurudzo, kana kuti uri kutsvaga zvakakanganisika muchitendero ichi, kana kuti uri kuverenga pamusana pechimwewo chikonzero. Zvisinei hazvo uri kuverenga bhuku diki rino nekuti ndizvo zvakatarwa naAllah (Mwari). Allah (Mwari) ndivo vatendera kuti uverenge chinyorwa chino chisina kuwanikwa nevamwe vakawanda. Ichi ndicho chokwadi. Ikozvino unogona kufungisisa pamusoro pekunzwisisa chinyorwa ichi wotungamiririrwa nemazvo.

Allah (Mwari) ngavakukomborere iwe muverengi, vokomborerazve munyori. Ameni.

### B. ***Kune avo vatambira Islam:***

Tinokugamuchira kuchitendero cherunyararo munin'ina, mukoma kana hanzvadzi. Ngatirambei tiri pagwara rakatwasuka, gwara revanhu vakatungamiririrwa, kwete gwara reavo vakarasika. Mutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwavari) vakataura kuti uyo anotambira Islam anoregererwa zvitadzo zvese zvaakaita mumashure, uyezve anosara asina zvitadzo sekacheche.

Zvisinei kuti wakaitei mumashure, zvese izvozvo zvinoregererwa paunotambira Islam. Waona here kuti tenzi vedu vane tsitisi dzakaita sei?

Bhuku rino richataura muchidimbu pamusoro pezvinhu zvakakosha muIslam. Vanhu vakawanda vatinoziva nevatinobata navo zvakanyanya vakabvunza vachida kunzwisisa kuti Islam inonyatsomborevei. Chikonzero ndechekuti vezvenhau kuburikidza nemashoko enhema vakakanganisa chimiro cheIslam, vakaisa pfungwa dzisiri idzo muruzhinji. Naizvozvo, tinovimba kuti nekuda kwaAllah (Mwari), bhuku rino richakupa kunzwisisa pamusoro peIslam muchidimbu.

## 2. Chii chinonzi Islam?

Izwi rekuri Islam rinoreva **runyararo nekubvuma.**

### *2.1. Runyararo:*

Islam chitendero chinokurudzira kuvepo kwerunyararo pakati pezvisikwa zvaAllah zvingave vanhu kana zvimwevo zvisiri vanhu. MaMuslim anokwazisana achiti “Assalaamualaikum” zvinoreva kuti “Rugare ngarwuve kwauri.” Vanhu vakawanda vane nguva yavanonzwa maMuslim achikwazisana nenzira iyi.Vanotepfenyura nhau vakapa vanhu pfungwa isiriyo yekuti vatende kuti Islam chitendero chehugandanga.. Vatepfenyuri venhau vakaita kuti Islam ive inozivikanwa nemazwi ekuti “vanoputitsa mabhambu vozviuraya” “nemagandanga.” Zvisinei hazvo, munhu aneruzivo anogona kuona kuti:

**Munhu haakwanise kuziva kuti vatepfenyuri venhau vari pachokwadi here.** Nguva zhinji vezvenhau havavimbisike, uyezve vanoedza kutepfenyura nhau dzakarerekera kudivi ravanoda. Izvi zvinooneka pachena munyaya dzematongerwo enyika. Kana vezvenhau vakatiudza kuti munhu auraya vanhu muMuslim hazvireve kuti ndezvechokwadi kuti munhu iyeye muMuslim. Hupenzi chaihwo kuti titende mune zvese zvatinoverenga kana kunzwa munhepfenyuro.

Uyezve nyangwe muMuslim akave gandanga **hazvireve kuti kutadza kwaaita uku kunokurudzirwa neIslam.** Izvi zvakafanana nekuti chitendero chechiHindu chinotendera kubata chibharo nekuti mumwe wemaHindu anenge abata chibharo. Kana kuti chitendero chechiHindu chinokurudzira hupombwe nekuti varume vakawanda vechiHindu vanoita hupombwe. Uhu hufuza hunoshamisa.

### ***2.2. <u>Kubvuma:</u>***

Chechipiri, Islam inoreva kubvuma kuita kuda kwaAllah (Mwari). Kubvuma kuita kuda kwaAllah (Mwari) zvinoreva kuti unonamata Allah (Mwari) vari vega, uyezve unonzwisisa kuti chinangwa chekuvepo kwako kuzvipira kuna Allah (Mwari) vega. Kubvuma kuita kwaAllah (Mwari) zvinoreva kuti uchasiya zvavakarambiza uyezve uchaita zvawakaudzwa kuti uite.

# 3. MAPANGO MASHANU EISLAM

Mutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwavari) vakati Islam yakavakwa nemapango mashanu. Tichatsanganura bango rega rega pazasi.

## *3.1. BANGO REKUTANGA: Kutenda (Imaan)*

Imaan kutenda. Uku kutenda mudzidziso huro dzeIslam zviri pachena, zvisina kana kupokana. Izvi zvinoreva:

### 3.1.1. Kutenda muna Allah (Mwari) mumwechete

SemaMuslim tinotenda kuti:

- Allah (Mwari) MUMWECHETE.
- Allah (Mwari) vanorarama kusingaperi.
- Allah (Mwari) havana kusikwa uyezve havana vana.
- Allah (Mwari) havana kufanana nechimwe chinhu.Hapana chinhu chakaita saAllah (Mwari).
- Allah (Mwari) havasi munhu.
- Allah (Mwari) vane masimba makuru anodarika munhu wese.
- Hakuna munhu anokwanisa kuita chinhu chisina kutarwa kana kutenderwa naAllah (Mwari).

MaMuslim anotenda kuti kuna Mwari (Allah) MUMWECHETE kwete vanamwari vakawanda zvinove zvakasiyana nekutenda kwemaHindu, maKristu nemahedheni.

MaMuslim anotenda kuti Isaa/Jesu (rugare ngarwuve kwaari) HAASI Allah (Mwari) asi mutumwa waAllah (Mwari) saIbraheem (Abhurahama), Nooh (Nowa), Musa (Mozisi), nevamwe vatumwa. Izvi zvakasiyana nekutenda kwemaKrsitu.

### 3.1.2. Kutenda mungirozi

MaMuslim anotenda mungirozi semaKristu nemaJudha nezvimwe zvitendero. MaMuslim anotenda kuti ngirozi dzakasiyana nevanhu, hadzitadze, dzakarurama uye dzinoita zvemandorokwati. Dzinonamata Allah (Mwari) nguva dzose uyezve dzimwe ngirozi dzakapihwa mabasa nezviito zvakatarwa.

Kune ngirozi dzinoona nezvemamiriro ekunze, dzimwe dzasarudzwa kutora mweya yevanhu (kukonzera kufa kwevanhu), kozoti ngirozi Jibraeel (Gabhuriyeri) uyo anozivikanwa nevezvimwe zvitendero semaKristu nemaJudha sengirozi inounza mashoko aAllah (Mwari) kuvatumwa vavakasarudza. Zvisinei, munhu anofanirwa kuziva kuti nyangwe ngirozi dzine mabasa aya adzakapihwa, hadzikwanise kuaita pasina murairo nesimba raAllah (Mwari).

3.1.3. Kutenda Mumabhuku Akazarurwa

MuIslam, maMuslim anotenda mumabhuku epakutanga akazarurirwa vatumwa:

- Torah rakapihwa kuna Moosa (Mozisi).
- Zaboor (Gwaro) rakapihwa kuna Dawood (Dhavhidhi).
- Injeel (Bhaibheri) rakapihwa kuna Isaa (Jesu).
- Quran rakapihwa kuna Muhammad (rugare ngarwuve kwaari).

SemaMuslim tinotenda mumabhuku ese aya ekutanga (kwete akazoshandurwa nevanhu mumashure). Zvisinei tinotenda kuti kana mutumwa atumwa naMwari opihwa gwaro, gwaro iroro ndiro rinofanirwa kutevedzerwa panguva iyoyo.

Parizvino tiri munguva yemutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwaari), naizvozvo Quran, kwete rimwe bhuku ndiro rinofanirwa kutevedzerwa.

**Cherechedza:**

- **MaJudha** anotenda munaMozisi (rugare ngarwuve kwaari) nemuTorah iro rakazarurwa kwaari. Uyezve vanotenda kuti Dhavhidhi HAANA kupihwa bhuku asi aive murume mutsvene. Vanoramba kuti Jesu (rugare ngarwuve kwaari) naMuhammad (rugare ngarwuve kwaari) vatumwa, uye vanoti vanyepi. Vanotenda kuti

Jesu (rugare ngarwuve kwaari) naMuhammad (rugare ngarwuve kwaari) ndivo vakanyora mabhuku avanoti akazarurwa kwavari, uye mabhuku aya haana kuzarurwa naMwari pachezvake.

- **MaKristu** anotenda munaJesu (rugare ngarwuve kwaari) nebhuku rakazarurwa kwaari. Uyezve vanotenda munaMozisi (rugare ngarwuve kwaari) nevatumwa vemumasure make asi vanotenda kuti Bhaibheri ndiro bhuku rine mirairo inofanirwa kutevedzerwa parizvino, uyezve ndiro rakatora chinzvimbo chemabhuku ekare. Vanoramba Muhammad (rugare ngarwuve kwaari) uye vanoti ndiye akanyora Quran. Naizvozvo vanotenda kuti Muhammad munyepi akanyepa kuti Quran rakazarurwa kwaari naAllah asi iye ariye akarinyora.

- **MaMuslim** anotenda mubhuku rakazarurwa kunaMuhammad (rugare ngarwuve kwaari) rinove Quran kuti ndiro bhuku remirairo. Uyezve vanotenda kuti muna Jesu (rugare ngarwuve kwaari) naMozisi (rugare ngarwuve kwaari) nevatumwa vekare, asi vanoti rudzi rwega rwega rwaive nemutumwa warwo. Asi vanhu venguva ino kusvika zuva rekutongwa vanofanirwa kutevedzera Quran chete kuti vaponeswe. Semuenzaniso kana paive nemunhu aive mupenyu nguva yaJesu (rugare ngarwuve kwaari), bhuku remurairo nguva iri raive Bhaibheri, uye vaitevera Bhaibheri vaive mugwara rakatwasuka. Avo vasina

kuritevera vaive vakarasika. Asi nguva ino ndeyemutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwaari). Naizvozvo munhu anofanirwa kutevedzera Quran kuti abudirire.

3.1.4. Kutenda muvatumwa

MaMuslim, maKristu nemaJudha vanotenda kuti Allah (Mwari) akasarudza vatumwa kubva muvanhu vakasiyana akavapa basa nemutoro wokudaidza vanhu kugwara rakatwasuka. Vatumwa ava vakapihwa basa rekuyambira vanhu kuti vasaite zvitadzo nekuvakurudzira kuti vaite mabasa akanaka. Vatumwa vane mukurumbira vanozivikanwa nevanhu vakawanda ndivana: Ebrahim (Abhurahama), Nooh (Nowa), Ismail (Ishumairi), nevamwewo.

Sezvambotaurwa kare, maJudha anotenda munaMozisi (rugare ngarwuve kwaari) asi anoramba Jesu (rugare ngarwuve kwaari) naMuhammad (rugare ngarwuve kwaari.Nekune rimwe divi maKristu anobvuma Mozisi (rugare ngarwuve kwaari) uyezve vanotenda munaJesu (rugare ngarwuve kwaari) asi vanoramba Muhammad (rugare ngarwuve kwaari). Sezvinei, maMuslim anotenda kuti Mozisi (rugare ngarwuve kwaari) naJesu (rugare ngarwuve kwaari) vese vaive vatumwa asi Muhammad (rugare ngarwuve kwaari) ndiye mutumwa wekupedzisira.

Musiyano mukuru pakati pechiKristu nezvimwe zvitendero ndechekuti maKristu vanotenda that Jesu (rugare ngarwuve

kwaari) aive Mwari (kana kuti chidimbu chaMwari) kwete munhu. MaMuslim anotenda kuti Jesu (rugare ngarwuve kwaari) aisave Mwari asi aive mutumwa bedzi.

Mwari anoita munhu sei? Hakuzi kushora hukuru hwaAllah (Mwari) here kumudzikisira kuti ave nemaitiro emunhu? Mwari anofanirwa kurara, kudya, kuenda kuchimbuzi sezvaiitwa naJesu (rugare ngarwuve kwaari) here? Izvi hazvidzikisire zvinoreva kuti Allah (Mwari) here?

**<u>CHERECHEDZA</u>**:

Vatumwa vanosarudzwa nekutumwa naAllah (Mwari) kuti vatungamirire vanhu. Vaive vanhu sevamwe vachigara pakati pavo. Allah (Mwari) vakavasarudza kuti vave vatumwa mushure mekuvapa hunhu hwakakosha pahutumwa. Allah (Mwari) vakagadza vatumwa nekutumira chizaruro nengirozi Jibraeel (Gabhuriyeri).

**<u>MUHAMMAD NDIANI?</u>**

Muhammad (rugare ngarwuve kwaari) akazvarwa muzana rechitanhatu. Asati ave mutumwa aipihwa mazita ekuti "munhu ari pachokwadi" "nemhunu mutsvene" nevanhu vemumharaunda make. Ave nemakore makumi mana akazarurirwa ndima dzekutanga dzemuQuran dzaakauya nengirozi Jibraeel (Gabhuriyei) uyezve akapihwa basa rekuve mutumwa kuvanhu. Paakatanga basa rake akanyombwa. Paakazofa, chitsuwa cheArabia chese chakanga chatambira Islam. Izvi zvakaitika mumakore makumi maviri nematatu.

**CHERECHEDZA: MUTUMWA MUHAMMAD ASATI AGADZWA KUVE MUTUMWA HAANA KANA KUMBONAMATA ZVIFANANIDZO KANA CHIMWE CHINHU CHISIRI ALLAH (MWARI).**

### 3.1.5. Kutenda mukumutswa kubva mukufa, zuva rekutongwa nehupenyu hwemumashure merufu.

MuMuslim ega ega anotenda kuti hupenyu hwepano pasi ndehwenguva diki, uyezve mweya wese ucharavira rufu. Mushure meizvozvo, tese tichamutswa kubva muvafi, tounganidzwa pamberi paAllah (Mwari) munguva inonzi "zuva rekutongwa." Mabasa edu akanaka neakashata achaerwa.

Avo vachawanikwa vane mabasa akanaka anodarika mabasa akashata vachaenda kuParadhiso, asi avo vachawanikwa vane mabasa akashata akawanda kudarika akanaka vachaenda kuGehena. Uyezve avo vanoita mabasa akaipa asi vachitenda muIslam vachaenda kuGehena kunorangirwa zvitadzo zvavakaita kana vakafa vasina kutendeuka. Asi vachapedzisira vabvumidzwa kupinda muParadhiso pamusana pekutenda kwavo mudzidziso dzeIslam.

Uyu ndiwo musiyano mukuru pakati peIslam nechiKristu nekuti maKristu kuburikidza nepfungwa yeruregerero rwezvivi (nekuti Jesu akafira zvitadzo zvevanhu vese pamuchinjikwa) vanotenda kuti maKristu ese achaenda kuParadhiso pasina kutongwa.

Funga kuti dai une vana gumi. Vapfumbamwe vanenge vachiita mabasa akaipa zvikuri, asi mumwechete achiteerera, ari mutsvene. Ngatitii unobva wada mwana mutsvene uyu zvakanyanyisa, womufarira. Unokwanisa here kuuraya mwana uyu obva wati vana vapfumbamwe vasara ngavaite

zvavanoda, vachibata vanhu chibharo, vachiponda asi vanozoregererwa nekuti mwana mutsvene akaurayiwa? Izvi zvine musoro here?

Saka mitemo yaMwari sekupa vanotambura zvekudya, nekusaita zvitadzo zvikuru sekuuraya nekubata chibharo inobatsirei kana munhu achizoenda kuParadhiso zvisinei kuti atevedzera mitemo iyi kana kuti haana?

Funga kuti unovhura chikoro, uri mukuru wechikoro. Unoenda kuvana vegwaro rekutanga wovaudza kuti vangofanira chete kuziva kuti kusanganisa chinhu chimwe chete nechimwe chinhu chimwe chete kunoita kuti zviite zvivire. Unobva wavati izvi ndizvo chete zvavanofanirwa kuziva kuti vabudirire mubvunzo voenda kugwaro rechipiri. Kufunga kwako mwana wechikoro akati tikasanganisa manhamba aya towana zvinhu zvitatu, anobudirira here oenda kugwaro rechitatu?

Pakupedzisira, zvine musoro here kuve nemitemo nezvinofanirwa kuitwa asi nyangwe ukatevedzera mutemo kana kusautevedzera unopinda muParadhiso?

Uwu ndiwo musiyano mukuru pakati pemaMuslim nemaKristu nekuti maMuslim anotenda kuti moto weGehena ndewechokwadi, uye maMuslim anogona kukandwa mumoto vakatadza kutevedzera mitemo yeIslam.

**CHERECHEDZA**: Tsvakurudzo yakaratidza kuti vanhu vanotenda kuti vachapiwa Paradhiso pasina kana mukana

wekutsva kumoto weGehena vane mukana mukuru wekuuraya kana kubata chibharo nekuti vanotenda kuti vachaenda kuParadhiso nyangwe vakatevedzera mutemo kana kusautevedzera..

## 3.2. ***BANGO RECHIPIRI: Kunamata (Salah)***

Kunamata kwakarovekedzerwa pamuMuslim. MaMuslim vanonamata kashanu pazuva. Munamato wekutanga inoitwa kuseni seni zuva risati rabuda. Munamato wepiri unoitwa pakati pezuva. Munamato wetatu unoitwa zuva rati fambei masikati. Munamato wechina unoitwa mushure mekunge zuva ranyura. Munamato wechishanu unoitwa husiku.

## 3.3. ***BANGO RECHITATU: MUPIRO KUVAROMBO (Zakaat)***

Kupa vanoshaya kunokurudzirwa muIslam, asi izwi rekuti “Zakaat” rinoreva mupiro wakamanikidzirwa kuti maMuslim abvise pahupfumi hwavo unove zvikamu 2.5% pagore.

MaMuslim anehupfumi nemari isingasvike pachikamu chekubvisa Zakaat haabvise mupiro uyu. Zakaat inopihwa kumaMuslim vane zvekuraramisa zvishoma kana vasitorina zviraramiro.

Pfungwa yeZakaat kupa nechinangwa chekufadza Allah (Mwari) nekuedza kugadzirisa mararamiro evanhu.

Tsvakurudzo dzinoratidza kuti dai vanhu vese vakakodzera vaibvisa Zakaat dai pasi rino pasina munhu murombo.

## 3.4. ***BANGO RECHINA: KUTSANYA (Saum)***

Munhu wese anoziva zvinoreva kutsanya. Sezvinei, muIslam zvakarovekedzerwa kuti maMuslim atsanye mwedzi mumwechete pagore unodzi ‘Ramadhan’. Kubva mambakwedza (maminitsi makumi mapfumbamwe zuva risati rabuda) kusvika zuva ranyura HAPANA chinofanirwa kudyiwa nemumhu ari kutsanya. Uyezve munhu ari kutsanya HAABVUMIRWE kunwa mvura.

## 3.5. ***BANGO RECHISHANU: RWENDO RWUTSVENE KUMECCA (HAJJ)***

Nzvimbo tsvene dzemaMuslim dziri mumaguta eMakkah neMadinah kunyika yeSaudi Arabia.

Ka’bah iri kuMakkah. MaMuslim anoungana votenderedza Ka’bah, voita tawaaf (kufamba vachitenderera Ka’bah kanomwe senzira yekunamata) vanechinangwa chekuwana rudo rwaAllah (Mwari).

Madinah iri chinhambwe chingangosvika makiromita mazana mashanu kubva kuMakkah. Madinah inzvimbo yakakosha nekuti masjid (nzvimbo yekunamatira) yemutumwa

Muhammad (rugare ngarwuve kwaari) iri ikoko. Mumasjid umu zvakare ndimo mune guva ramutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwaari).

Kamwechete pagore, pane mazuva mashanu mumwedzi we*Zhul Hijjah* (uri mukarenda remaMuslim) apo maMuslim (vane zvikwanisiro) vanoenda kunoita minamato yeHajj kunzvimbo tsvene (izvi rakarovekedzerwa kamwechete pahupenyu).

## 4. SEI TAKASIKWA NENHOROONDO YEKUVEPO KWEDU?

MaMuslim anotenda kuti mushure mekusika nyika, Allah (Mwari) vakaudza ngirozi kuti vachasika vanhu kuti vazogare panyika senzira yekuvaedza. Avo vanotevedzera mitemo yaAllah (Mwari) vaizoenda kuParadhiso uko kwavaizorarama nekusingaperi, asi avo vaisazotevedzera mitemo yaAllah (Mwari) vaizoenda kuGehena.

Ngirozi dzakanyunyuta pamusoro pekusikwa kwevanhu vachiti vanhu vaisatovedzera mitemo yaAllah (Mwari), saka vaisafanirwa kusikwa. Asi Allah (Mwari) vakaudza ngirozi kuti ivo vanoziva hunhu hwevanhu husingazivikanwe nengirozi.

Allah (Mwari) vakasika mutumwa Adhamu semunhu wekutanga kusikwa, uye vakashandisa ivhu pakumusika. Senzira yekuratidza kukudzwa kwemunhu, vapedza kusika Adhamu, Allah (Mwari) vakaudza ngiroze kuti dziise huso hwadzo pasi dzichimhoresa Adhamu. Chiitiko ichi chakaitika kudenga.

**[CHERECHEDZA: MAJINN AKASIKWA KUBVA MUMOTO. MAMWE ACHO MATSVENE ASI MAMWE ACHO AKAIPA. SATANI ANOBVA KUMAJINN. MUISLAM ANONZI IBLEES UYEZVE ANONZI SHAYTAN].**

Ngirozi dzakateerera dzikapfugamira Adhamu, asi Iblees uyu anove Satani akaramba pamusana pekuzvikudza. Akati iye aive akasikwa nemoto asi vanhu vaive vasakasikwa neivhu.

Naizvozvo, Satani akati zvaisave zvakakodzera kuti apfagumire munhu akasikwa nechinhu chiri pasi pechaakasikwa nacho. Saka Allah (Mwari) vakadzinga Satani kudenga. Iblees akataurira Allah (Mwari) kuti achaburitsa pachena kuti munhu ari pasi pake nekumufurira kuti arasike nguva dzese.

Adhamu akanzwa kusurukirwa muParadhiso. Naizvozvo Allah (Mwari) vakasika Hawa (Evha) kuti ave mumwe wake muParadhiso. Nekufamba kwenguva, Allah (Mwari) vakati Adhamu naEvha vese vadzike pasi rino apo pachagara vanhu kusvika zuva rekutongwa.

Adhamu akapihwa mitemo yekuti iye nevana vake vatevedzere.

Chikonzero chekurarama kwedu kuti tinamate Allah (Mwari). Hupenyu hwepasi rino muedzo uyezve ndehwenguva diki. Saka panguva diki yatinorarama, tinofanirwa kunamata Allah (Mwari) nekugara zvine tsitsi nerukudzo kuzvisikwa kwaAllah (izvo zvinove vanhu nemhuka).

## 5. ZVITADZO ZVIKURU

i. Kunamata Allah (Mwari) pamwe chete nezvimwe zvinhu.
ii. Kusanamata kashanu pazuva.
iii. Kuponda.
iv. Kusabvisa Zakat pasina chikonzero.
v. Kusatsanya muRamadan pasina chikonzero.
vi. Kuita zvehuroyi.
vii. Kusaenda kuMecca kunoita hajj izvo zvikwanisiro zviripo.
viii. Kuita zvebonde pasina kuroorana maringe nemitemo yeIslam.
ix. Hupombwe.
x. Kutora chimbadzo nekuchipa vamwe.
xi. Kusawirirana nehama.
xii. Kunwa hwahwa nekudhakwa nechese chinodhaka.
xiii. Kudya nguruve nemhuka dzakafa dzega.
xiv. Kusakudza vabereki.
xv. Kuva mutungamiri ane hutsinye.
xvi. Kuitira vamwe hutsinye.
xvii. Kusavimbika.
xviii. Kuterere mimhanzi.
xix. Kunyeya vamwe.
xx. Kuba.

## 6. KUTENDA KWAKO MUISLAM

Kunyange hako ungave usina kutaura pachena, kana kuzvifunga, ukasatenda muIslam zvinoreva kuti uri kuti mutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwaari) aive munyepi-aisave mutumwa, uye ndiye akanyora Quran, uyezve Quran harina kuzarurwa naAllah (Mwari).

Munhu haangati Quran mazwi aAllah (Mwari) obva aregedza kuve muMuslim sezvo Quran richiti hakuna imwe nzira yechokwadi kunze kweIslam.

## 7. <u>KUPIKISA KUTENDA KWAKO</u>

Nenyaya yekuti toda kuti bhuku rino rive pfupi, tichapikisa chitendero chega chega neavo vasingatendi munaMwari zvakasimba muchidimbu.

Sezvo ndichigara muJohannesburg kuSouth Africa, avo vasingatendi muIslam vandinoona kakawandisa maKristu. Nekudaro ndichapikisa chiKristu muchidimbu.

Kana muverengi webhuku rino asingatendi munaMwari anogona kutibata patsambambozha [email] (patinowanikwa pakanyorwa pakavha yebhuku rino) oti anoda bhuku redu rine zita rekuti “Kupikisa kusatenda munaMwari mumanitsi gumi.”

**<u>CHERECHEDZA</u>**:

ISLAM HAIKURUDZIRE KUSHORA NERUVENGO. KUPIKISA ZVIMWE ZVITENDERO KUNOITIRWA KUPA DZIDZISO KWETE KUSHORA.

### i. <u>KUPIKISA CHIKRISTU:</u>

ChiKristu chinogona kupatsanhurwa mumapoka maviri:

## 7.1. ***Avo vanotenda muHutsvene Hutatu***

MaKristu akawanda anotenda munaMwari nenzira isinganzwisiike inoti Mwari akaumbwa nezvinhu zvitatu (Mwari wavanoti Baba, Jesu naMweya Mutsvene).

- MaKristu ese andakavhunza haanzwisise kuti Hutsvene Hutatu hunofamba sei.

- Zvavanonyanyotenda mazviri paHutsveve Hutatu ndezvekuti:

  1. Jesu ndiMwari.

  2. Mwari Baba, Mwanakomana naMweya Mutsvene vane masimba akaenzana uyezve vese vanorarama kusingaperi.

- Pazasi ndichapindura kune zvega zvega zvavanotenda.

JESU NDIMWARI

- Kutenda kweHutsvene Hutatu kunoti Jesu ndiMwari, uyezve Jesu, Mwari Baba, naMweya Mutsevene vese chikamu chimwe kubva muhutatu unoumba Mwari. Kana zvakadaro sei:

- Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vanamate, iye akazonamatawo nekuisa huso hwake pasi (**Mateo 26: 39**]. Saka aiisa huso pasi kuna ani? Aizviisira huso pasi here?

- Uyezve **mubhuku raMateo (27: 46**) nyaya yekuroverwa pamuchinjikwa yakataura kuti Jesu (rugare ngarwuve kwaari), akadaidzira achiti, "Eli, Elim lama sabachthani: zvinoreva kuti, "Mwari wangu, Mwari wangu, sei mandisiya?" Chekutanga, kana Jesu ari Mwari aidaidzira kunani? Chechipiri, kana Jesu ari Mwari aidaidzira here kuti azvisiya?

- Kana Jesu (rugare ngarwuve kwaari) ari chidimbu chimwe chete kubva muhutatu hwaMwari zvinoreva here kuti Mwari airara, achidya, achienda kuchimbuzi? Angave Mwari here anodai?

- MaKristu vanotenda kuti Jesu (rugare ngarwuve kwaari) akaroverwa pamuchinjikwa. Saka umwe Mwari kubva muvatatu akaurayiwa ipapo?

- Kana Maria akazvara Jesu (rugare ngarwuve kwaari) zvinoreva here kuti mukadzi wepasi pano akazvara Mwari?

- Kutenda muhutsvene hutatu kunoti Jesu ndeumwe Mwari kubva muvana Mwari vatatu. Kana ichi chiri chokwadi zvinoreva kuti Jesu anoziva zvese. Handizvo here?

  **Mubhuku raMarko [11: 12-14]** pane nyaya yaJesu apo aive nenzara achifamba naBhetani, akaona muti wemuonde nechekure. Akafamba kuenda ikoko achida kuwana chekudya kuti nzara ipere. Asi paakasvika ipapo, akaona kuti nguva yekuti maonde abereke yakanga isati yasvika uye muti uyu waive usina maonde. Bhuku raMarko rinoti Jesu akatuka muti uyu.

  Mubvunzo uripo ndewekuti: kana Jesu aiziva zvese (aifanirwa kuziva zvese kana ari Mwari), sei asina kuziva zvakazara pamusana pemuti uyu (kuti waive usina michero) kusvika asvika padyo nawo?

- Kana hukuru kwaJesu (rugare ngarwuve kwaari) huchibva pakuti akazvarwa pasina baba, sei maKristo asinganamte Adhamu uyo akazvarwa pasina amai nababa?

## MASIMBA AKAFANANA NEKURARAMA KUSINGAPERE

- Kune nzira mbiri dzinoratidza kumuKristu kuti pfungwa yekuti anaMwari vatatu haisi yechokwadi.

NZIRA YEKUTANGA: HUCHAPUPU HUNONZWISISIKA

- Musi wesvondo mazwi ekuti Mwari Baba, Mwanakomana naMweya Mutsvene **VANE MASIMBA AKAFANANA UYE VANORARAMA KUSINGAPERI** anotaurwa kakawanda nekuti ndiwo dzidziso yakakosha zvikuru mukutenda kwavo.

- Kana zviri zvechokwadi kuti Mwari Baba, Mwanakomana (Jesu) naMweya Mutsvene **VANE MASIMBA AKAFANANA UYE VANORARAMA KUSINGAPERI**, paunouya muvhunzo wekuti kana Mwari Baba vakada kuti nyika indengendeke vanoda mvumo yaJesu (rugare ngarwuve kwaari) naMweya Mutsvene here? Vanoita musangano here pasati paita zvinofanirwa kuitwa?

- **KANA MVUMO ICHIDIWA,** izvi zvinoreva kuti vanotenda kuti Mwari Baba, uyu anofanirwa kuve akazvimirira (sechimiro chaMwari), anovimba naJesu (rugare ngarwuve kwaari) naMweya Mutsvene. Izvi zvinoreva kuti vanoti Allah (Mwari) akazvimirira asi anovimba nevamwe. Naizvozvo, izvi hazvireve chinhu (ipfungwa isingaite).

- Allah (Mwari) vangave Mwari here kana vachida mvumo yevamwe? Allah (Mwari) ndiMwari vanotonga zvese uye havadi mvumo yevamwe.

- ❖ Kana Mwari Baba vachida mvumo yaJesu (rugare ngarwuve kwaari), saka Jesu (rugare ngaruve kwaari) akabvuma kuti arovererwe pamuchinjikwa izvi zvisati zvaitika?

- ❖ Kana mhinduro iri yekuti **AIHWA, HAPANA MVUMO INODIWA:** izvi zvinoreva kuti vakuramba dzidziso huru yekutenda kwavo yekuti ega ega ari pahutsvene hutatu AKAENZANA MASIMBA NEVAMWE UYE ANORARAMA KUSINGAPERI.

- ❖ Funga kuti pakave nebhizinesi rinofambiswa nevanhu vatatu vanoshanda pamwechete vane migove yakaenzana, umwe wavo anokwanisa kutengesa motokari yebasa asina mvumo yevamwe here?

- ❖ Saizvozvo, semuenzaniso, kana mvura ichifanirwa kunaya kudenga, maererano nedzidiziso YEMASIMBA AKAFANANA, Mwari Baba vanofanirwa kupihwa mvumo neMwanakomana kuti mvura inaye isati yanaya. Zvikasadaro, vanege vasina MASIMBA AKAFANANA. Asi kana zvakadaro, zvinoita kuti Mwari Baba vave vakazvimirira here? Kuzvimirira ndiko kunofanirwa kuve hunhu hwaMwari.

- ❖ Kupikisa kwandaita pamusoro kunokwanisa zvekare kushandiswa pachitendero chechiHindu nekuti pfungwa

yekuve nevanamwari vakawanda yakangorasika zvakafanana zvisinei kuti pane vanamwari vatatu (semunyaya yatataura pamusoro) kana kuti kune vanamwari mazana matatu (kana imwewo nhamba sekutaurwa kungangoitwa nemaHindu).

## NZIRA YECHIPIRI: KUSAWANIKWA KWEDZIDZISO YEVANAMWARI VAKAFANANA MASIMBA UYE VANORARAMA KUSINGAPERI MUBHAIBHERI

- Sekutaura kwandaita pamusoro, kuti munhu ave muKristu anofanirwa kutenda zvakasimba kuti Mwari Baba, mwanakomana, naMweya Mutsvene VANE MASIMBA AKAFANANA uyezve VANORARAMA KUSINGAPERI. Ukasatenda mune izvi unenge uri mupanduki, munhu akatsaudzira, munhu asiri muKristu.

  Asi dambudziko guru nderekuti muBhaibheri mese hamuna kana vhesi imwe chete **inotaura pachena** kuti Mwari Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene vese vari vatatu VAKAENZANA MASIMBA UYE VANE MASIMBA AKAFANANA.

- Pachokwadi, bhuku dzvene rinofanirwa kutaura pachena, pasina kupokana dziddziso huru dzechitendero dzariri kuparidza.

- Funga izvi woona musiyano uri paizvi neIslam neQuran. Dzidziso yeIslam ITAUHID (humwechete hwaMwari) kwete vanamwari vatatu sezvinoparidzwa nechiKristu. Kutenda kweIslam kwakataurwa pachena muQuran muchitsauko 112 chine musoro wekuti “Chitsauko chekutendeseka” umo Allah vanoti:

    1. *Iti (Iwe Muhammad): “NdiAllah vamwechete.*
    2. *Allah vanodiwa nezvisikwa zvose (asi ivo hapana chavanoda)*
    3. *Havebereki vana uye ivo havana kuberekwa.*
    4. *Hakuna mumwe akafanana navo.*

- Naizvozvo, dzidziso yeIslam yakataurwa pachena sezvinofanirwa kuvepo mubhuku dzvene, rinofanirwa kuve bhuku rakajeka, kwete bhuku rinokonzera kusanzwisisa. Zvikadaro, bhuku iri harizozadzikise chinangwa charakazarurirwa.

- Kuwedzera kuratidza kushaikwa kwekujeka nekusava nechokwadi kwakasangana nechiKristu, mukutangwa kwacho, nemukusimbiswa zviri pamutemo kwacho, nhoroondo muchidimbu inotsanangura nyaya iyi.

- Papfura makore angangosvika mazana matatu mushure mekwavanoti kurovererwa pamuchinjikwa kwaJesu, murume ainzi Constantine akave mambo weConstantinople (iyo inove Istanbul kunyika yeTurkey mazuva ano). Mukuzama kuti awane rutsigiro, akazviti

avemuKristu. Zano rake rakabudirira nekuti nyika yaaitonga yakakura zvikuru, sezvo pakarepo maKristu vakapikira kuzvipira kwaari. Sezvineiwo, munguva pfupi mushure meizvi, akasangana nematambudziko munyika make.

- Mumwe wevatungamiri vekutanga vechechi ainzi Arius aive nepfungwa yekuti Mwari Baba vakuru kuneMwanakomana Jesu, uyezve vaive vasina kuenzana. Nekune rimwe divi kwaive naAthanasius aivezve mutungamiri wechechi mumazuva ekutanga aitenda mupfungwa kuti Mwari Baba neMwanakomana vaive NEMASIMBA AKAENZANA.

- Naizvozvo, Constantine mukuedza kumisa kupatsanurana kwaizokonzera kusagadzikana munyika make, akadaidzira musangano uyo wakazopiwa zita rekuti Musangano weNicaea.

- Pamusangano uyu pakakokwa mabhishopu kubva kune nenzvimbo dzese. Vakazonzi vaite sarudzo yekutevedzera dzidziso yekuti vanamwari vatatu VAKAENZANA MASIMBA UYE VANORARAMA KUSINGAPERI kana kuti kwete sezvo paisava nehumbowo wakajeka pamusoro penyaya iyi.

- Pamwe izwi rekuti kusarudza harinyatsotsanangura zvakaitika nekuti bhishopu aipikisa pfungwa yekuti

vanamwari vatatu muHutatu Hutsvene vane masimba akaenzana uye vanorarama kusingaperi aidzingwa munyika kana kuti aimanikidzwa kutsigira pfungwa iyi. Izvi zviri pachena nekuti Arius aitungamira boka revaipikisa pfungwa iyi (vainzi maArians) akaramba kutsigira pfungwa iyi, mushure mezvo akazodzingwa munyika.

- Naizvozvo, dzidziso yavo hombe inove yeHutatu Hutsvene haina kutaurwa muTestamende Yekare kana Testamende Itsva. **Allah (Mwari) vangada here kuti munhu atende muchinhu chisina kutaurwa zvakajeka?**

**7.2.** ***Avo vanotenda kuti Jesu (rugare ngarwuve kwaari) aisave Mwari asi kuti aive mutumwa (wekupedzesera) NEAVO vanotenda kuti Mwari Baba vakuru kune mwanakoma (mutumwa wekupedzesera) zvinoreva kuti havatendi muhutumwa hwaMuhammad (rugare ngarwuve kwaari).***

Izvi zvinoreva kuti havasi maKristu echokwadi. Zvisinei, pfungwa iyi inopikiswa muQuran. Munhu anotsigira kutenda uku anofanirwa kupa humbowo hwekuti Quran harisi rechokwadi kana kuti anofanirwa kuwana chikonzero chekushora chishamiso kana chimwe chete chakataurwa muQuran.

# 8. UCHAPUPU HWEQURAN

Uchapupu hweQuran hunogona kunyanya kuwanikwa muzvinhu zviviri. Chekutanga, apo mutoro unenge uri kune uyo anoramba Quran kuti aratidze kuti harizi rechokwadi. Chechipiri, apo mutoro unenge uri kumuMuslim kuti aratidze kuti Quran nderechokwadi. Zvisinei kuti inzira ipi yatorwa, humbowo hweQuran hunofanirwa kuratidzwa nekuti maMuslim haafanirwe kunzvenga mutoro hwekupa humbowo.

Imwe nzira ine mukurumbira yekuratidza kuti Quran ndere chokwadi here kana kuti kwete inosanganisira zvinhu zvina zvinokosha..

## 8.1. *Kuti munhu anopikisa Quran agadzire bhuku rakafanana naro*

Quran pachezvaro rinopa vanhu mutoro. Quran rinoti ani nani zvake, nevanhu vose ngavagadzire CHITSAUKO CHIMWE CHETE kana chidimbu chechitsauko chinopikisa Quran **[Chitsauko 2: vhesi 23].**

Sezvo vanhu vasiri maMuslim vachitenda kuti mutumwa Muhammad (rugare ngarwuve kwaari) aive munyepi akagadzira Quran, parizvino tinovapa mutoro wekugadzira chitsauko chimwe chete kana chidimbu chechitsauko

chakafanana neQuran. Quran ririkuti vese ngavaunze humbowo hwezvavanotaura.

Kana uchitenda kuti Quran ishoko raAllah (Mwari), utori muMuslim. Asi unofanirwa kucherechedza kuti Quran rakati Islam ndicho chitendero chinofanirwa kutevedzerwa. Naizvozvo, haukwanise kuti, “Hongu, Quran ishoko raAllah (Mwari) asi handisi muMuslim.” Izvi zvakafanana nekuti unoverenga pazvigunwe zvako kuti kusanganisa chinhu chimwe nechimwe zvinoita zviviri asi iwe wobva watenda kuti kubvisa chinhu chimwe chete muzviviri kunotipa zvinhu zvitatu.

### 8.2. *Kuchengetedzwa*

## QURAN

Kusvika parizvino, **Quran** ndiro chete bhuku rakazarurwa risina kushandurwa. Ichi ichokwadi chisingapikisike munhoroondo. Quran rakachengetedzwa kuburikidza nekunyorwa uyezve nekuriisa mumusoro. Vana vadiki vane makore mana kana mashanu vakaisa Quran rese mumusoro. Izvi zvinoreva kuti hapana mukana wekurishandura.

## TORAH

**Torah** iro rakazarururwa kuna Mozisi (rugare ngarwuve kwaari) raive ratoshaikwa zvachose. Izvi zvinoratidzwa nekuti

panguva yaJesu (rugare ngarwuve kwaari) paive nemhando ina dzeTorah dzakasiyana.

Uyezve, Torah (Testamende Yekare) rinozivikanwa kuti raichengetwa "mumba yaTenzi." Munhoroondo, zvinozvikanwa kuti imba yaTenzi iyi yakaparadzwa kaviri. Pekutanga yakaparadzwa neumwe mambo weIjipita. Kechipiri yakaparadzwa neumwe mambo weIsiraeri.

Mushure mazvo, Torah harina kuzowanikwa. Zvakazivikanwa kuti raparadzwa. Asi, muchiitiko chinoshamisa nekupa fungidziro yekuti chaisava chechokwadi, mumashure memakore GUMI NEMASERE kubva mukugadzwa kwaMambo Josaya, Mupristi Mukuru Hilkiah akati aive awana Torah mumashure memakore gumi nemasere mumba maraisave raonekwa neumwe munhu. **[MADZIMAMBO 2 CHITSAUKO 22 MAKORONIKA CHITSAUKO 34].**

Izvi hazvigone kunge zvakaitika. Zviripo ndezvekuti Hilkiah pachezvake akagadzira chinyorwa chaakanyepa kuti ndicho Torah raaive awana.

## BHAIBHERI

Nerimwe divi, **Bhaibheri rakazarurirwa Jesu haripo mazuva ano.** Izvi hazvina kupokana. Nguva yaJesu kwaitaurwa mutauro weAramaic. Uyu mutauro hauko zvachose nhasi.

Iye zvino kune Testamende Itsva yakaumbwa nemabhuku akanyorwa nevanhu vakaita sevana Mateo, Marko, Luka, naJohani. Mabhuku aya haana kubva kuna Mwari asi akanyorwa nevarume vandataura ava. Zvainzi vaive vadzidzi vaJesu. Testamende Itsva rinotambirwa seBhaibheri remazuva ano zvichitsigirwa nepfungwa yekuti varume ava vanaMateo, Marko, Luka naJohani pavakanyora mabhuku avo vakabatsirwa naMweya Mutsvene, saka mabhuku avo anonzi matsvene.

**CHERECHEDZA: LUKA, JOHANI, MARKO NAMATEO VANONZI VAKANYORA MABHUKU EVHANGERI VAISAVE VADZIDZI VAJESU.**

**VAIVE VANHU VAIITA TSVAKURUDZO VAIVE NEMAZITA AKAFANANA NEVADZIDZI VAJESU. VANA MAZVIKOKOTA VECHITENDERO CHECHIKRISTU HAVANA HUMBOWO HUNOPIKISA IZVI.**

## 8.3. *Kupikisa*

Kusvika pari zvino, hapana munhu akamboti Quran rinozvipikisa zvisinei kuti tikurarama munguva inoitika tsvakurudzo pakarepo. HAPANA munhu akambowana zvinopikisana muQuran. Mumabhuku akawanda, munyori anotanga nekukumbira ruregerero pakukanganisa kungave kwakangoitika mubhuku rake. Asi Quran rinotanga nekuti HARINA ZVAKAKANGANISIKA zvachose mariri. **[Quran: Chitsauko 2: Vhesi 2]**

Hapana muQuran panowanika pakanzi kusanganisa chinhu chimwe chete nechimwe chete zvinotipa zvinhu zviviri pamwezve panonzi kusanganisa chinhu chimwe chete nechimwe chete zvinotipa zvitatu.

Nerimwe divi tikatarisa mabhuku ari muBhaibheri tinoona zvakakanganisika zvakawanda mukutaurwa kwedzimwe nyaya.

Panyaya inotaurwa nezvekurovererwa pamuchinjikwa paJesu zvinonzi Judhasi munhu akaipa zvikuru. Anonzi ndiye akaratidza Jesu kuvavengi vake zvakaita kuti arovererwe pamuchinjikwa. Zvakanangana zvikuru nenyaya yatiri kutaura nezvayo kupikisana kwezvinonzi zvakaitika kuna Judas mushure mekuroverwa pamuchinjikwa kunonzi kwakaitwa Jesu.

**Bhuku raMateo [27: 3-8]** rinoti Judhasi akanzwa urombo mushure mekurovereverwa pamuchinjikwa kunonzi kwakaita Jesu. Naizvozvo akarasa mari yaaive apihwa kuti aratidze Jesu kune vavengi vake. Akabva azviuraya.

Asi **BHUKU REMABASA EVAPOSTORI [1: 18]** rinoti Judas akatenga munda nemari yehuori yaakange apihwa. Paaipinda mumunda uyu, akatsvedza ndokufa nekuti matumbu ake akabva panzvimbo akabuda panze.

Izvi zvinoratidza pachena kuti kuti pane musiyano mukuru panyaya dzinotaurwa nekufa kwaJudas. **Kana vanyori**

**vemabhuku evhangeri vakabatsirwa naMweya Mutsvene, zvinokwanisika here kuti imwe nhengo yeHutsvene Hutatu ikanganise yopa nyaya mbiri dzakasiyana dzekufa kwaJudhasi kuvanyori vamabhuku evhangeri?**

Bhuku rine kupikisana kuri pachena kwakadai ringatambirike here sebhuku dzvene?

## 8.4. *Zvishamiso*

### 8.4.1. Zvekurapa

Quran rinotaura pachena matanho ekukura kwemunhu ari mudumbu; richitsanangura danho rega rega rekukura kwemwana mudumbu, rozotsanangura kuti mwana anenge akaita sei mudumbu. **[Chitsauko 23: Mavhesi 12-14]**

Nyanzvi dzezvekurapa, kuburikidza nehunyanzvi hwemazuva ano dzakazoziva kumakore ekuma 1800 zvinhu zvakanga zvatsanangurwa neQuran makore 1250 apfura.

Zvinokwanisika sei kuti murume (Muhammad rugare ngarwuve kwaari) anopomerwa kuti ndiye akanyora mashoko aya iye aigara mugwenga asina mukana wekuwana ruzivo?

### 8.4.2. Kutaura zvichaitika mangwana

Panguva yaive yakasimba humambo hwePezhiya, Quran rakataura kuti vaRoma vachakunda vaPezhiya muhondo mukati memakore mapfumbamwe. **[Chitsauko 30: Mavhesi 2-4]**

Ichi chishamiso chekuti dai chisina kuitika chairatidza kuti Quran harisi rechokwadi. Zvandataura zvinogona kutipa fungidziro yezvakaitika. Zvakaitika ndezvekuti vaRoma vakakunda vaPezhiya.

Ichi chishamiso chekuti munhu akanyatsofungisisa anoona kuti chakakura zvikuru. Zviri nyore kungofungidzira oudza munhu mumugwagwa kuti rimwe zuva achave mupfumi. Asi nguva yacho inenge isina kutarwa, saka nguva inogona kuzosvika yekuti munhu uyu apfume.

Nekune rimwe divi ukataurira munhu mumugwagwa kuti mukati menguva yakatarwa, semuenzaniso makore mapfumbamwe, achapfuma zvikuru, apa panenge pave nekumanikana kukuru kwawedzerwa nekuti munhu uyu akasapfuma zvinoreva kuti zvakataurwa ndezvekunyepa. Kana izvi zvakanyorwa mubhuku zvinenge zvakureva kuti bhuku iri harizi dzvene.

Zvinozivikanwa zvikuru kuti panguva yakataurwa neQuran kuti vaRoma vachakunda vaPezhiya vaRoma vakanga vasina simba. Naizvozvo, mashoko akataurwa aya aive akafanana

nekutaura kuti mwana mucheche acharova mazvikokota wekurwa munguva pfupi ikutevera.

Asi mabhuku enhoroondo akanyora kuti papfura makore masere mashoko aya ataurwa zvaitaridzika kuti vaRoma vaizokwanisa kukunda vaPezhiya muhondo. Sezvineiwo, mushure menguva pfupi, zvichienderana nemashoko akaturwa neQuran anove ekuti vaRoma vachakunda mukati memakore mapfumbamwe, izvi zvakaitika.

### 8.4.3. Sainzi

Quran rinotaura kuti imba yedandemutande ndiyo isina kusimba zvachose **[Chitsauko 29: Vhesi 41].**

Kana dandemutande rechikadzi nerechirume zvikaita bonde, rechirume rikasatiza nekukurumidza, rinourayiwa nerechikadzi. Kazhinji imba inogadzirirwa kuti ive nedziviriro. Asi imba yedandemutande yakavakirwa kuparadza vanopinda mairi. Ichi chishamiso cheQuran (nekuti rakatura pamusoro pazvo).

Quran rinotaura zvekare kuti dandemutande rechikadzi ndiro rinogadzira imba. Izvi zvakatsigirwa nesainzi uyezve zvakaonekwa kuti dandemutande rechikadzi ndiro rakasimba kudarika rechirume. **[Chitsauko 29: Vhesi 41]**

Quran rakazara zvishamiso izvo zvakawandisa kuti zvinyorwe mubhuku diki rino. Asi zvishamiso zvandataura mumashure

ndezvimwe kubva muzvakawanda zvekuti ani naani anoverenga Quran anogona kufungisisa pamusoro pazvo.

Pafunge. Zvinokwanisika here kuti mumakore 1446 apfura, munhu aizivikanwa kuti haagone kunyora anonyora bhuku rakaisvonaka seQuran?

Iwe semuverengi, wakapihwa pfungwa, dzishandise pakufunga zvakadzama nekuzeya zvataurwa pane kuedza kuzviramba.

MUTUMWA MUHAMMAD RUGARE NGARWUVE KWAARI) AKAFIRWA NEVANAKOMANA VAKE VAVIRI VARI VADIKI. AVO VAISATENDA VAKATI MUTUMWA MUHAMMAD AIVE AKAITA SEMHUKA ISINA MUSWE (VAIREVA KUTI ACHASARA ASINA NHAKA NEKUTI PAISAZOVE NEMWANAKOMANA ANE ZITA RAKE).

MAVHESI EQURAN AKAZARURWA ACHITAURA KUTI AVO VAINYOMBA MUTUMWA MUHAMMAD (RUGARE NGARWUVE KWAARI) VAIZOKANGANIKWA, ASI ZITA REMUTUMWA (RUGARE NGARWUVE KWAARI) RAIZORANGARIRWA KUSINGAPERE.

MUNHU AKANYOMBWA, KUTSVINYIRWA, NEKUSEKWA, AKAZOPEDZISIRA AVE MUNHU AKAKOSHA ZVIKURUSA MUNHOROONDO. MUNHU AKADAI ANGAVE MUNYEPI HERE?

## 9. MHEDZISO

Nyaya yezvitendero, ichitaurwa pachisanganiswa zvimwewo zvitendero yakaoma kuti inyorwe mumashoko mashoma. Naizvozvo, ndaedza nepandinogona kunyora muchidimbu zvinhu zvandaona kuti zvakakosha kuti vanhu vazive.

Ndinovimba kuti ndaita izvi nerukudzo pasina kuzvikudza. Hupenyu haurevi kuunganidza hupfumi, asi unoreva kuwana gwara rechokwadi. Dai tese tatungamirwa kunzira iyoyo. Amen.

Kune avo vabatsirika nebhuku, uyezve vachida kutambira Islam, tinokukurudzirai kuti muende pamasjid (imba inonamatira maMuslim) iri munharaunda menyu, motaura naImam (mutungamiri) wepo. Kutambira Islam chinhu chinotora nguva diki. Asi zvinoda kuti munhu asazviite ega asi kuti anobatsirwa neImam ane ruzivo.

Tinovimba kuti muverengi wese anoziva mosque imwe chete kunharaunda yaanogara kana muMuslim umwe chete anokwanisa kumuratidza kune mosque iri munzvimbo make.

Izvi zvikasakwanisika, munogona kutibata patsambambozha yakanyorwa pachifukidzo chebhuku kuti tikubatsirei.

Kune avo vaverenga bhuku rino vane chinangwa chekuda kungozivawo, tinokurudzirai kuti muriverenge mune imwe

pfungwa. Riverengei mune chinangwa chekutsvaga chokwadi kwete kungozivawo.

Kune avo vanoverenga bhuku rino nechinangwa chekunyomba nekushora chitendero nekuedza kutsvaga zvinotendwa zvisingatambirike nepfungwa dzevanhu, tinoti, “Dai Allah (Mwari) vakutungamirai.”

Chekupedzisira, kumaMuslim avo vangave vatsva kana kuti vanove maMuslim kubva kare varikuverenga bhuku rino, dai Allah (Mwari) vatichengetedza pagwara rakatwasuka, voita kuti tive vanhu vanotungamira vanhu vese kugwara rakanaka. Ameni.

**Kana umwe mibvunzo pamusoro peIslam, tibate nenzira dzinotevera:**

**WhatsApp:** **+27 61 625 6070 (SOUTH AFRICA)**

**TSAMBAMBOZHA: theabuzaydinstitute@gmail.com**

**What is Islam? (Shona Translation)**

Revised
July 2025

The Abu Zayd Institute

English translation proof read by: The Majlisul Ulama of South Africa

Shona translation by: Sheikh Shaibu Asali

Shona translation proof read by: Sheikh Mustafa Musiya

Cover page artwork: Y Areff

**Contact details**
Cell No: +27 61 625 6070 (South Africa)
Email: theabuzaydinstitute@gmail.com
Website: www.abuzayd.org.za